



Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA ADAMS ANONSE 95 MILYON DOLA NAN FINANMAN ETA YO DISTRI BIYE POU 15,000 FWAYE NYCHA ATRAVÈ PWOGRAM ASISTANS POU LWAYE IJANS ETA NEW YORK LA**

***Gouvènè a ak Lejislati a te garanti 1.15 milya dola pou konplete finansman Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans Federal la nan Bidjè Ane Fiskal 2023 ak 2024 la***

***Gouvènè a te priyorize pou mete fen nan epòk negli jans lan ki te afekte lojman piblik la; Li konbat pou kreye Fidisi Prezèvasyon NYCHA & pwoteje rezidan yo***

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Vil New York la Eric Adams te anonse jodi a Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) Eta New York la te kòmanse distribye prèske 95 milyon dola pou kouvri aryere sou lokasyon pou prèske 15,000 rezidan Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA). Yo te reyalize Etap sa a nan sis premye mwa yo apre yo te fin pase finansman sa a nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2024 la. 95 milyon dola pou lokatè Otorite Lojman Vil New York yo fè pati pi plis pase 350 milyon dola investisman nan lojman piblik ak rezidan Seksyon 8 yo ke Gouvènè Hochul ak Lejislati a garanti nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2024 la.

"Lokatè ki abite nan lojman piblik oswa lojman ki sibvansyone yo merite kay ki an sekirite, ki vivab ak abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pi gwo investisman sa a nan lojman piblik ap ede 15,000 fwaye rete lakay yo, epi mwen angaje m pou m travay avèk NYCHA pou asire chak lokatè ki kalifye jwenn sipò yo bezwen an."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Mwen te grandi prèske nan siti yasyon sanzabri, kidonk mwen konnen jan lojman abòdab enpòtan pou Nouyòkè yo. Lè COVID te premye mete ekonomi nou an an chit lib, epi biznis yo te fèmen ak revoke moun, rezidan NYCHA yo te otomatikman eskli nan asistans pou lokasyon ijans ki disponib pou lòt Nouyòkè yo. Pandan plizyè mwa, administrasyon nou an te fè patenarya ak rezidan yo ak ofisyèl eli yo pou defann sipò yo te bezwen an, epi mwen fyè dèske n ap sèvi yo jodi a. Ekip nou yo te chita epi konstwi yon pwosesis ki pral pèmèt fanmi ki gen difikilte yo rive jwenn yon ane soulajman finansye konplè — epi nou deja soumèt aplikasyon pou yon valè 128 milyon dola nan non 33,000 fanmi Vil New York yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, patnè nou yo nan Sena a ak Asanble a,

ak tout moun nan administrasyon nou an ki te kalkile kijan pou yo fè sa a epi akselere li pou nou bay jwenn sipò ak moun ki bezwen li pi vit posib. Envestisman n ap fè jodi a atravè Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans yo non sèlman se sa ki bon pou fè, men se bagay ki entelijan pou fè paske envesti nan Nouyòkè yo jodi a, ap pote fwi demen."

**Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare,** "Pandan plizyè ane ki sot pase yo, nou te goumen pou jwenn asistans enpòtan pou lokasyon ak èd pou fanmi yo nan eta nou an ki ap lite pou debwouye yo depi pandemi COVID-19 ak kriz ekonomik la. Finansman nou te garanti nan bidjè ane sa a se te yon liy sovtaaj pou NYCHA ak rezidan lojman piblik yo. Finansman ERAP sa a te bay plizyè milye Nouyòkè soulajman pou lokasyon yo te bezwen yonfason dezespere, epi li te bay NYCHA kapasite pou kouvri depans operasyon yo. N ap kontinye travay pou ede Nouyòkè yo rete lakay yo epi pou yo gen aksè ak lojman ki an sekirite ak bon mache."

Gouvènè Hochul ak Lejislati a te garanti plis pase 1.15 milya dola pou konplete finansman Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) federal la nan Bidjè yo Te adopte pou Ane Fiskal 2023 ak 2024 la, ki gen ladan 391 milyon dola pou asistans pou aryere lwaye yo, ak 350 milyon dola nan montan sa a ap sipòte ERAP Eta New York la pou rezidan lojman piblik ak lojman sibvansyone yo, ki gen ladan NYCHA, ak 35 milyon dola espesyalman pou peye aryere lokatè Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) yo anplis finansman ERAP la.

Lejislasyon eta a ki otorize ERAP te egzije pou lokatè lojman sibvansyone yo peye jiskaske yo te konsidere tout lòt aplikasyon yo. Bidjè ane fiskal 2024 la te espesifye ke plis pase 350 milyon dola nan finansman adisyonèl eta a se pou aplikasyon ki gen ladan yo sila yo ki soti nan lokatè lojman piblik ak lòt lojman piblik sibvansyone yo. Resevwa peman ERAP eta sa yo gen yon enpak pozitif sou kapasite NYCHA pou l bay rezidan yo sèvis enpòtan yo.

Jiska dat, Otorite Lojman Vil New York (NYCHA) la deja resevwa peman ki totalize 94.8 milyon dola nan non 14,863 fwaye. Nan kad efò pou konekte yon kantite fwaye posib ak fon ERAP yo, [Biwo Asistans Tanporè ak Andikap \(Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA\) Eta New York](#) te fè patenarya ak NYCHA pou etabli yon pwosesis ki te bay jiska 12 mwa soulajman finansye pou fanmi ki akimile aryere lwaye nan pik pandemi an.

Gouvènè Hochul te deja siyen lejislasyon ki te kreye [Fidisi Prezèvasyon Lojman Piblik Vil New York](#) (New York Public Housing Preservation Trust) la, ki vize abòde reparasyon, reyabilitasyon, ak modènizasyon 25,000 apatman NYCHA ki te anreta yo. Fidisi Prezèvasyon an pral pèmèt dè milya dola nan finansman federal sipòte reparasyon ak amelyorasyon ki nesèsè yo. Gouvènè Hochul te siyen plizyè lwa pou sipòte lokatè yo nan New York, dènyeman li te [siyen](#) lejislasyon ki egzije NYCHA pou enfòme rezidan yo rapidman si dlo pa ansekirite pou bwè oswa pou kwit manje.

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, eta a te bay 1.25 milya dola nan kapital vital pou NYCHA, anplis de 135 milyon dola nan ane fiskal 24 la.

**Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare,** "OTDA rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak lejislati a paske yo te bay finansman ki nesèsè pou asire ke ERAP te kapab ede rezidan NYCHA yo ak lòt lokatè lojman sibvansyone yo ki te soufri konsekans ekonomik negatif pandemi an epi ki te an reta sou lwaye yo. Gouvènè a te defann pwogram sa a depi nan kòmansman manda li epi yo te vin rekonèt New York te byen kòm yon lidè nasyonal nan bay asistans pou lokasyon sa a ak plis pase 275,000 peman pou ede Nouyòkè yo rete loje yon fason ki estab."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Ofri lokatè yo soulajman, espesyalman moun ki abite nan lojman abòdab ak piblik ki te gen difikilte pou peye lwaye pandan pandemi Covid la, se yon etap enpòtan nan abòde kriz lojman an. Jodi a, prèske 15,000 fwa kounye a kapab ratrape sou peman lwaye epi NYCHA pral gen resous li bezwen pou bay rezidan li yo sèvis enpòtan yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a ak Lejislati a pou sipò yo bay rezidan NYCHA yo ak angajman yo pou lojman piblik."

**Direktris Egzekitif Jeneral Otorite Lojman Vil New York la, Lisa Bova-Hiatt, te deklare,** "NYCHA ankò eksprime rekonesans li anvè tout moun ki te rann soulajman pou lwaye enpòtan sa a posib, tankou Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Carl Heastie, Prezidan Lojman Eta New York la Senatè Brian Kavanaugh, ak Manm Asanble Linda Rosenthal — anplis Majistra Eric Adams ak patnè Vil nou yo ki te bay sipò solid, epi asireman, rezidan yo menm, ki te defann finansman ijans sa a ak tout fòs yo. Nan sekirize fon sa yo epi asire ekite pwogram pou lojman piblik ak lokatè sibvansyone yo, Eta New York te demontre vrè lidèchip—epi nou kontan anpil paske èd ki nesèsè anpil sa a te kòmanse aplike nan kont rezidan yo."

**Reprezantant Nydia M. Velázquez, te deklare,** "Pandan pik pandemi an, mwen te travay avèk dilijans pou jwenn asistans federal pou lokasyon pou asire fanmi ak moun ki nan klas travayè yo te kapab rete lakay yo pandan yon kriz san parèy. Jodi a, mwen fyè dèske New York ap kontinye bay èd sa a lè li bay plis pase 350 milyon dola pou rezidan lojman piblik ak abòdab yo atravè New York, ak 95 milyon dola ke yo te bay dirèkteman pou lokatè NYCHA yo. Lajan sa a, ke pwogram ERAP gouvènman federal la rann posib, pral ede plis pase 15,000 lokatè NYCHA ak fanmi yo ak lwaye ki gen aryere. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak lejislati eta a pou travay yo fè pou konplete fon ERAP federal yo epi asire rezidan NYCHA yo ka rete lakay yo."

**Senatè Eta a Brian Kavanaugh te deklare,** "Depi mas 2020 lè COVID-19 te frape New York, mwen te goumen pou m bay asistans pou lokasyon ijans—ansanm ak yon moratwa kont degèpisman pandan 22 mwa—pou anpeche yo pa mete Nouyòkè yo deyò lakay yo oswa pou yo pa gen chay lwaye ki pa peye ki te akimile pandan yo te pèdi travay ak revni akòz restriksyon sante piblik yo. Mwen te kontan travay sere ak

Gouvènè Kathy Hochul ak kòlèg mwen yo nan lejislati a pou finansman konplètman Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans lan, epi patikilyèman pou sekirize dènye faz finansman sa a pou kouvri rezidan lojman piblik yo, ki te aplike epi ki te elijib pou ERAP men yo te relege nan priyorite ki pi ba a akòz yon dispozisyon enjis ki depriyorize aplikasyon Nouyòkè sa yo. An jeneral, nou te asiye prèske 4 milya dola nan asistans ERAP, ki gen ladan plis pase 1 milya dola nan fon Eta a, yon angajman eta ki lajman pase nenpòt lòt eta. Mwen remèsye anpil lidè lokatè yo, rezidan yo, ofisyèl lojman piblik yo, ak defansè ki te rantre nan batay la pou finansman enpòtan sa a, ansanm ak Lidè Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Carl Heastie, Prezidan Asanble Lojman Linda Rosenthal, ak Manm Asanble Grace Lee. Epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak angajman kontinyèl li pou asire Nouyòkè yo jwenn soulajman ak sipò yo bezwen."

**Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare,** "Pandan ke Pwogram Asistans pou Lwaye pou Ijans lan te bay plizyè dizèn milye fanmi yo yon liy sovta, rezidan NYCHA yo te nan dènye liy lan pou jwenn finansman epi okòmansman yo pa te resevwa yon santim. Mwen fyè dèske mwen se yon lidè nan kad efò pou korije mal sa a nan batay avèk siksè pou ajoute plizyè milyon dola nan finansman ERAP espesyalman pou NYCHA nan bidjè Eta New York la. Nan travay ak Gouvènè Hochul, nou te asire ke NYCHA te resevwa yon pòsyon finansman jis. Mwen konnen ke 95 milyon dola nan premye peman yo bay NYCHA yo te pwouve yo enpòtan anpil, yo bay yon gwo soulajman pou anpil fanmi epi ede NYCHA kenbe rezèv ak sèvis adekwat pou rezidan li yo."

**Manm Asanble Grace Lee te deklare,** "Kòm reprezantan fyè pou trèz devlopman NYCHA atravè Lower Manhattan, mwen te wè pèsònèlman ki jan rezidan lojman piblik ak lojman sibvansyone te soufri yon fason ki pa pwopòsyonèl pandan pandemi an. Defi finansye yo te fè fas yo te imans, epi pèsònèlman mwen konnen anpil rezidan ki te oblije pran desizyon ki inimaginab ant peye lwaye yo oswa antere pwòch yo, mete manje sou tab la pou fanmi yo, oswa peye bòdwo medikal yo. Malgre yo te bezwen sipò pi plis, yo te depriyorize rezidan lojman piblik ak sibvansyone yo pou sekou lwaye ijans lan epi yo te refize yo gen aksè ak resous tout lòt Nouyòkè yo te resevwa. 391 milyon dola yo te garanti pou finansman ERAP nan bidjè eta ane sa a se yon soulajman ki chanje lavi rezidan sa yo epi yo pral pèmèt plizyè milye fanmi atravè Eta New York rete lakay yo. Mwen remèsye rezidan yo, kòlèg mwen yo nan lejislati a, ak Gouvènè Hochul paske li te batay pou kòz sa a, epi mwen espere kontinye travay nou pou bay tout Nouyòkè yo lojman ki an sekirite, abòdab, ak nan diyite."

**William Simmons, Direktè Egzekitif Otorite Lojman Syracuse ak Prezidan NYSPHADA, te deklare,** "Asosyasyon Direktè Otorite Lojman Piblik Eta New York la trè rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul, Prezidan Carl Heastie, lidè Majorite Sena a Andrew Stewart Cousins ak tout patnè nou yo nan lejislati eta a paske yo te mete dekote 391 milyon dola Finansman ERAP nan Bidjè eta pou ane sa a. Pandan twazan otorite lojman piblik yo ak lokatè nou yo te soufri finansyèman nan pandemi an epi finansman sa a pral finalman soulaje dèt ki peze lou sou tèt nou. Otorite lojman piblik yo te okòmansman dènye sou lis kalifikasyon ERAP la, epi gras ak Gouvènè

Hochul ak lidè lejislatif nou yo n ap abòde kriz sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)